

Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON SANTYE EMPIRE STATE LA SOU PON KINGSTON-RHINECLIFF LA

Seksyon Santye sa a pral Fini an Otòn sa a k ap vini la, epi li pral Konekte ak Santye Empire la nan fen Ane sa a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke konstriksyon ankou sou nouvo santye pyeton ki pase sou Pon Kingston-Rhinecliff la. Santye endepadan an, yo prevwa k ap fini an otòn k ap vini la, pral konekte ak rezo Santye Empire State la (Empire State Trail) apati fen ane sa a, kote y ap ofri panorama inik Rivyè Hudson ak chèn Mòn Catskill la.

"Santye Empire State la se youn nan atraksyon anplennè ki pi enteresan eta nou an genyen, k ap ofri Nouyòkè yo ansanm ak vizitè yo opòtinite pou yo vwayaje travèse tout eta nèt epi wè bote natirèl li deprè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo Pon Kingston-Rhinecliff la pral non sèlman rann li pi fasil pou pyeton yo travèse Rivyè Hudson lan pandan y ap fè randone sou santye a, men tou li pral ede atire menm plis vizitè ankò vin eksplòre bèl rejyon sa a epi plis mete Catskills ansanm ak tout eta nou an nèt nan pozisyon pou alatèt destinasyon pou rekreyasyon anplennè nan nasyon an."

"Santye Empire State la pakouri soti Buffalo pase Albany rive nan Vil New York, kote l ap ofri rezidan ak vizitè yo yon eksperyans lwazi eksepsyonèl", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Konstriksyon yon nouvo santye pyeton k ap pase sou Pon Kingston-Rhinecliff la ap kontinye efò nou ap fè pou n ogmante konektivite epi agrandi rezo santye nou an, sa k ap ofri pi bon aksè ak nouvo opòtinite ekonomik."

Travay la ap fèt ant bretèl pou rantre sou Route 32 a ki sou apwòch lwès pon an rive nan kafou Route 199 ak River Road la ki sou apwòch lès pon an. Travay woutye y ap fè sou pon an pral gen ladan prensipalman chanjman rayi liy sikilasyon yo, ansanm ak enstalasyon ralantisè sonò ak mi an beton pou separe liy sikilasyon yo.

Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Pon Eta New York la (New York State Bridge Authority), Richard A. Gerentine te deklare, "Nouvo pasaj pyeton sa a pral ofri panorama ki bay sou de (2) pi gran resous natirèl New York genyen: Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill. Li pral sèvi tout kòm yon lyen enpòtan, k ap konekte rezidan ak vizitè yo ak pak yo, sit istorik yo, ak kominote yo non sèlman nan rejyon Hudson Valley a, men tou nan tout Empire State la nèt".

Direktris Egzekitiv pa Entèrim Otorite Pon Eta New York la, Tara Sullivan te deklare, "Vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou yon rezo santye toupatou atravè eta a ap yon pa pi pwòch pou l fini gras a aksè pyeton y ap ajoute sou Pon Kingston-

Rhinecliff la. Gras a sipèestrikti pon sa a ki pi ba pase tabliye woutye a, vizitè yo pral jwi yon panorama senik byen klè ki bay sou Rivyè Hudson lan ak Mòn Catskill yo".

Y ap konstwi yon pasaj pyeton ki mezire kat (4) pye sou pati sid pon an ke y ap separe l ak yon mi an beton ki mezire twa (3) pye nan wotè. Pasaj la pral konfòm ak Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), avèk zòn depasman ak espas pou vire chak 200 pye. L ap toujou obligatwa pou siklis yo itilize bann arè ijans yo. Y ap enstale tou yon pasaj pou pyeton travèse nan kafou Route 199 ak River Road la. Apre pwojè a fini, y ap redui vitès limit sou pon an soti 64 vin 56 kilomèt alè.

Y ap ofri espas pakin pou moun k ap itilize santye a yo sou toude bò pon an. Y ap ofri nèf espas sou apwòch lwès la olon antre sou bò lwès biwo enstalasyon pon an. Sou apwòch lès la, y ap kreye 10 espas alon pati sid apwòch wout la. Y ap poste pano direksyon k ap oryante pyeton yo anvè espas pakin piblik yo deziyen yo.

Lè fonksyònman yo pral soti nan douvanjou rive nan lasware. Apati fen ane 2020 an, pasaj la pral fè pati Santye Empire State la, ki se yon rezo santye ki pakouri olon wout yo ak andeyò wout yo soti Vil New York rive nan fwontyè Kanadyen an ak soti Albany rive Buffalo.

Otorite Pon Eta New York la

Otorite Pon Eta New York la jere pon Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak Rip Van Winkle. Epitou, yo posede ak antretni estrikti pon pyeton Pasrèl sou Hudson lan (Walkway Over the Hudson). Yo finanse Otorite a prensipalman apati peyaj pon yo epi yo pa te resevwa lajan taks eta a ak federal pou antretyen ak operasyon pon an. W ap jwenn plis enfòmasyon sou www.nysba.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)